

Nama :

Kls/No :

Hari,tgl :



SEBELUM BELAJAR IKUTI LANGKAH LANGKAH BERIKUT INI!

1. Siapkan diri kalian untuk belajar
2. Berdo'alah sebelum mengerjakan
3. Siapkan Buku Tantri Basa dan Baca serta Pelajari materi Tembang Macapat (halaman 54-62)
4. Kemudian kerjakan latihan di bawah ini!

A. Tembang Macapat

Andharan ing ngisor iki golekana pasangane kang mathuk karo pilihan tembung kang wis cumepak!

No.	Pernyataan	Wangsalan
1.	Cacahing tembang macapat	Guru gatra, guru wilangan lan guru lagu
2.	Cacahing gatra saben sapada	Guru Gatra
3.	Cacahing wanda saben sa gatra	Sepur
4.	Dong-dinge swara ing pungkasan gatra	Guru Wilangan
5.	Tata paugerane tembang macapat	Guru Lagu
6.	Arane tembang macapat	Sinom
7.	Guru Gatrane 9 Guru wilangan lan guru lagune 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a	Ana 11
8.	Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung Dawa kaya ula Pencokane wesi miring Si pucung sing di saba mung turut kutha	Pucung, mijil, sinom, khinanti, durma, pangkur

B. Semaken tuladhane tembang macapat ing ngisor iki banjur golekan guru wilangan lan guru lagune!

1. Tembang Maskumambang (tuladha)

"Wong tan manut pitutur wong tuwa ugi (12 / i)
Ha nemu duraka (6 / a)
Ing donya tumekeng akhir (8 / i)
Tan wurung kasurang-surang" (8 / a)

2. Tembang Mijil

"Dedalanne guna lawan sekti (□/□)
Kudu andhap asor (□/□)
Wani ngalah dhuwur wekasane (□/□)
Tumungkula yen dipundukanni (□/□)
Ruruh sarwa wasis (□/□)
Samubarangipun" (□/□)

3. Tembang Sinom

"Punika serat kawula (□/□)
Katura sira wong kuning (□/□)
Sapisan salam pandonga (□/□)
Kapindo takon pawarti (□/□)
Jare sirarsa laki (□/□)
Ingsun mung sewu jumurung (□/□)
Amung ta wekasi wang (□/□)
Gelang alit mungging driji (□/□)
Lamun sida aja lali kalih kula" (□/□)

4. Tembang Kinanthi

"Kukusing dupa kumelun (□/□)
Ngeningken tyas kang apekik (□/□)
Kawengku sagung jajahan (□/□)
Nanging saget angikipi (□/□)
Sang resi kaneka putra (□/□)
Kang anjog saking wiyati" (□/□)

5. Tembang Asmarandana

"Lumrah tumrap wong ngaurip (□/□)
Dumunung sadhengah papan (□/□)
Tan ngrasa cukup butuhe (□/□)
Ngenteni rejeki tiba (□/□)
Lamun tanpa makarya (□/□)
Sengara bisa kepthuk (□/□)
Kang mangkono bundhelana" (□/□)

6. Tembang Gambuh

"Lan sembah sungkem ipun (□/□)
Mring Hyang Sukma elinga sireku (□/□)
Apan titah sadaya amung sadermi (□/□)
Tan welangsira andhaku (□/□)
Kabeh kagungan Hyang Manon" (□/□)

7. tembang dhandanggula

"Sinengkuyung saguning prawali (□/□)
Janma tuhu sekti mandra guna (□/□)
Wali sanga nggih arane (□/□)
Dhihin Syeh Magrib tuhu (□/□)
Sunan ngampel kang kaping kalih (□/□)
Tri sunan bonang ika (□/□)
Sunan giri catur (□/□)
Syarifudin sunan drajat (□/□)
Anglenggahi urutan gangsal sayekti (□/□)
Iku ta warnanira" (□/□)

8. Tembang Durma

"Ayo kanca gugur gunung bebarengan (□/□)
Aja ana kang mangkir (□/□)
Amrih kasembadan (□/□)
Tujuan pembangunan (□/□)
Pager apik dalan resik (□/□)
Latar gumelar (□/□)
Wisma asri kaeksi" (□/□)

9. Tembang Pangkur

"Muwah ing sabarang karya (□/□)
Ingprakara gedhe kalawan cilik (□/□)
Papat iku datan kantun (□/□)
Kanggo sadina-dina (□/□)
Lan ing wengi nagara miwah ing dhusun (□/□)
Kabeh kang padha ambegan (□/□)
Papat iku nora lali" (□/□)

10. Tembang Megatruh

"Kabeh iku mung manungsa kang pinujul (□/□)
Marga duwe lahir batin (□/□)
Jroning urip iku mau (□/□)
Isi ati klawan budi (□/□)
Iku pirantine ewong" (□/□)

11. Tembang Pocung

"Ngelmu iku kelakone kanthi laku (□/□)
Lekase lawan kas (□/□)
Tegese kas nyantosani (□/□)
Setya budya pengekeseing dur angkara" (□/□)